Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№68-69 (9518-9519)

2013 соналъул 4 октябрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА



## Пресс-хъулухъалъ лъазабулеб буго

Ж. АхIмадудинова, райадминистрациялъул пресс- секретарь

## БАХIАРЗАЗЕ ХВЕЛ БУКIУНАРО

Араб анкьалда Россиялъул Президентасул Указалда рекъон «БахIарчилъиялъул орденал» кьуна хIинкъи-къай гьечIого ва ракIбацIцIадго жидедаго тIадаб налъи тIубалаго шагьидлъарал ОМВДялъул Болъихъ отделалъул полициялъул хIалтIухъаби ХIусенов ХIатIибие, Рамазанов ГIалие, ХIажиев Арсение, Темирханов МухIамадхIабибие ва ГIабдулгIазизов Баширие. Гьел шапакъатал кьуна гьезул цебесеб гIагарлъиялъухъе.



Пачалихъалъул шапакъатал кьолеб гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, РФялъул Болъихъ ОМВДялъул начальник МухIамадкамил ХIажиевас, РФялъул Болъихъ военкоматалъул отделалъул начальник АлбегхIажи УмайхIажиевас, РФялъул УФСБялъул Болъихъ бугеб отделалъул начальник Арсен ГIамирхановас, районалда бугеб рагъулаб часталъул командир Александр Беляковас.

-КиналгIаги шапакъатаз хисуларо лъималазе умумулги, руччабазе россалги, эбел-инсуе васалги,- ян абуна районалъул бетIерас гьел шапакъатал кьолаго.- Гьел шагьидлъаразул хъизамалдехун гIаданлъиялъулаб, тIалаб-агъазалъулаб бербалагьиялъ дагьабго бигьалъиза-бизе бегьула гьезие ккараб камиялъул унти. Районалъул нухмалъулезда ва полициялъул хIалтIухъабазда тIадаблъун ккола гьел хъизамазе къваригIараб кумек гьаби.

Шагьидлъаразул хIакъалъулъ рецц-бакъалъулал рагIаби абуна Болъихъ ОМВДялъул начальник МухIамадкамил ХIажиевасги.



-Гьел мунагьал чурадаз бихьизабураб бахIарчилъиялъги нугIлъи гьабулеб буго полициялъул хIалтIухъаби кидаго хIадурал рукIин жидедаго тIадаб налъи т1убазе. Гьезул хъизаназе къваригIараб кумек полициялъул хIалтIухъабаз кидаго гьабизе буго.

Ахиралда районалъул нухмалъулез чIагоял тIугьдузул горал лъуна 1999 соналъ чIварал милициялъул хIалтIухъабазе бараб мемориалияб хъорщода цере.

ЧIваразул гIагарлъиялъ баркалаялъул рагIаби абуна районалъул нухмалъулезе жидер гьабулеб бугеб тIалаб-агъазалъухъ.

## АНСАЛТIА КIОДО ГЬАРУНА КIУДИЯЛ ЧАГIИ

Гьаб соналъул тIоцебесеб октябралда киса-кибего гIадин нилъер районалъул росабалъги кIодо гьабуна кIудиял чагIазул халкъазда гьоркьосеб къо. Гьединаб хIурматалъеги, адабалъеги ва кIодо гьариялъеги мустахIикъаб буго чIахIияб гIел. Гьезул цоял руго кIудияб ВатIанияб рагъул соназда гитлерилаб фашизмалдасан гIагараб улкаги гьелъул халкъги эркен гьабизе гIоло бер къанщичIого рагъаралги, къаси сордоги къад къоги лъачIого «Кинабго-фронталъе, кинабго -тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе» абураб ахIиялда рухIалда барахщичIого производствоялда хIалтIулел рукIаралги, гьединго гьелда хадусел батIи-батIиял заманаздаги ва жакъалъизегIанги ракIбацIцIадго ва гIелазе мисалияб къагIидаялда колхозаздаги батIи-батIиял пачалихъиял ишаздаги хIалтIаралги ва хIалтIулел ругелги.Гьеб къоялдагIаги чIахIияб гIел кIодо гьабизе ракIалде щвей ккола росабазулгун учреждениязул-организациязул нухмалъулезул нравственнияб борхалъилъунги бичIчIибуголъилъунги…

Гьединазул цояв вугин абизе ккола, АнсалтIа росдал администрациялъул бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговги.



Араб соналда гьеб росдал администрациялъул унго-унгояб гIахьаллъигун ва бечедаб квана-гьекъейги гIуцIун ва къиматал сайгъаталги кьун районалъул ветераназул советалъул председатель К. ШагIбановасул хIаракатчилъиялда гьеб росулъ районалъул киналго росабазул кIудиял чагIиги ахIун кIодо гьабуна гьеб къо…

Исанаги роххизаруна гьеб росдал администрациялъ жидерго росдал кIудиял чагIи. Аслияб къагIидаялда гьенире ахIун рукIана 70 соналдасан тIадехун арал лъабкъогоялде гIагарун кIудиял чагIи. Гьезул гIемерисел, гьеб къо кIодо гьабизесеб бакIалде, ай росдал школалде раччана машинабаз. Нахъеги гьединго щвезаруна…

Радал сагIат 11-ялде киналго тIаде ахIарал гIодор чIола гьезие хIадурарал столазда нахъа. Хеккого гьел столал цIезарула квен-тIехалъ, кIудиял чагIазе рекъараб къагIидаялда белъараб гьанацаги, нисдаца цIурал панкъазги ва цоги-цогидал нигIматазги….

Росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговас саламги кьун киназдаго баркула кIудиял чагIазул халкъазда гьоркьосеб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб, гIодобе биччараб, хъизам-агьлуялдасан роххараб ва Аллагь разияб ва Гьес цIунараб ракълилаб гIумру.

-Нужер щивав мустахIикъав вуго гьединаб гIумруялъеги росдал администрациялъулги, гIолохъанал гIелазулги адаб-хIурматалъеги ва тIалаб-агъазалъеги,-ян абуна росдал бетIерас.- Аллагьас хъван батани нижер рахъалдаса гьедин букIинеги буго.

КIалъазе рагIи кьола районалъул ветераназул советалъул председателасул заместитель, районалъул редакциялъул хIалтIухъан Ш. Лабазановасе.

-Хириял гьалмагъзаби,- ян байбихьула гьес киназего салам кьун хадуб,- гьаб нилъер тепсиялъул бечелъиялдасанги, нилъе-нилъер рокъоб бугеб хIалалдасанги, гIадамазул бечедаб ретIа-къаялдасанги, рекIунел машинабаздасанги бихьулеб буго нилъер гIумру бечелъулеб букIин. Гьелдасан нилъ рохаралги руго.

Амма гьелдаго цадахъ пашманлъизе ва ургъизе ккараб рахъ цIикIкIунеб буго. КигIанго бокьичIониги, гIун рачIунел гIелазулъ тIагIунеб буго адаб-хIурмат, гIаданлъи, кIочон толел руго гьезда умумузул бахIарчиял ишал, мугъ сверулеб буго бацIцIадаб захIматалдехун, гIодобе кколеб буго патриотикияб рахъ, цIикIкIунеб буго чорхоеги рукъалъеги заралиял жал хIалтIизари….

Гьеб рахъалъ нилъеца, ай чIахIияб гIелалъ щибха гьабизе кколеб?

Ахир 2аб.гьум.

# АНСАЛТIА КIОДО ГЪАРУНА КIУДИЯЛ ЧАГIИ

Авал 1-себ.гьум.

ТIоцебесеб иргаялда гьеб кинабгоялъулъ нилъ рукIине ккола гьел кантIизариялъе насихIатчагIилъун. Амма



нилъеда лъазе ккола вагIза-насихIаталдасан азарго нухалъ цIикIкIун хIасил кьолеблъи гIаданлъиялъулги, адаб-хIурматалъулги, хьвада-чIвадиялъулги рахъалъ нилъеца бихьизабураб цо мисал.

Дир пикруялда нилъ гьанире ракIариялъул магIна-мурадлъунги кколеб батизе бегьула нилъ гьединаллъун рукIине бокьи.

Аллагьас сахлъиги гIемерсоназулаб ракълилаб гIумруги кьейги нилъ киназего гьединал насихIатчагIилъунги, гIун бачIунеб гIелалъул мекъал ишазул хьолбохьан унареллъунги ва гьелъие кинабго лъикIабщиналъул рахъалъ мисалияллъун рукIинеги. Гьединаб хIалтIи нилъеца гьабизе ккола лъималазул цо-цо гIолохъанал эбел-инсулгунги.

КIалъазе вахъана росдал жамгIияв хIаракатчи НурухIма-хIажи МухIамадов. Гьес рахъ ккуна Ш. Лабазановасул кIалъаялъул. Гьединго предложение кьуна гьенире ракIарун ругезул чIаго гьечIел гIелазул рухIалъе къулгьу-алхIам гьабизе.

-Гьалмагъзаби,-ян абуна кIалъазе яхъарай росдал жавабиял ишазда хIалтIулей йикIарай ПатIимат Жамалудиновалъ,- нилъ жакъа росдал администрациялъ тIобитIулеб бугеб кIудиял чагIазул байрамалда ругониги, нужер щивасул бадиб бихьулеб буго нуже-нужер лъималазулги гьезул лъималазулги гьанжесеб ва букIинесеб гIумруялъул рахъалъа бугеб рахIатхвей. Аллагьас лъикIаб хьван батаги гьеб кинабгоялъулъ.

КIалъазе рахъарал ПатIимат МухIамадовалъ (анти) руччабазул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабуна росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговасе, гьес росдал кIудиял гIадамазул гьабулеб бугеб тIалаб-агъазалъухъги, адаб-хIурматалъухъги, гьоркьисаго гIадин гьединаб тадбир гIуцIаралъухъги.

Киналго бихьиназул рахъалдасан гьединабго кIалъай гьабуна росдал жамагIатчи ШагIбанов ХIажицаги. Гьес баркала кьуна росдал администрациялъе ва тадбиралде хIадурлъи гьабуралщиназе.

КIалъаялги ихтилат-кепги цоцада хисулаан зама-заманалда…

КIудиял чагIазул гьариялдалъун гьеб тадбир лъугIинабуна къалъул какде.

КIочон хутIулеб букIун буго, кIудиял чагIазе лъикIаб асар гьабуна ратIлил цебегосеб формагун ва гьезулго гIадаб куц-мухъгун хIадурараб цIалдохъабазул некIсияб кьурдиялъ. Гьелде ва цогидалги номеразде гьел хIадурун ругоан учительница ХIайнат ХIайдарбеговалъ…

Нахъе унелъул кIудиял чагIазул щивасе кьуна продуктабаз цIураб пакет ва машинабазда щвезаруна рукъо-рукъоре.

*Ш. ГIАЛИЕВ.*

# ЗахIмат бокьичIого рахIат бокьани...

Араб анкьалда, хур-хер цIуниялъул рахъалъ Россельхозцентралъул районалда бугеб отделалъул начальник М. Шарукъадиевгун цадахъ хъулухъалъулаб сапаралъ ниж щвана Бабаюрталъул ракьалда ругел нилъерго районалъул цо-цо росдал магIишатазде.

Аслияб мурад букIана хъутабазда гIумру гьабун ругел гIадамазул ракIа-рахъиналъул, гьезул яшаваlъул ва жалго гьел магIишатазул ахIвал-хIалалъул хал гьаби.

Дир сапарцояв МухIамадица хал гьабулеб букIана магIишатаз рекьиялъе гьарулел хIалтIабазул, гьелъие хIадурун ругел хьоназул, гьезул сертификатазул ва гьел хьонал, букIине кколеб къагIидаялда дарабиги гьарун къачIан ругодай абун.

Дие бокьун букIана, тIоцебесеб иргаялда, гьел магIишаталъул нухмалъулезулгун гуреб,гьениб гIумру гьабун ругел ва гьел магIишатазда хIалтIулел гIадамазулгун хабар - кIал гьабизе, колхозаздехун (СПКабийилан цIарал хисаниги, халкъалъе гьел долго колхозаллъун хутIана) бербалагьи кинаб бугеб ва гьез кьолеб къимат лъазе.

Колхозалъул ахIвал-хIал цIехон дица къураб суалалъе цояс;

-Гьанже гьел колхозал кир ругел?-абун суалалдалъун жаваб кьуна ва тIадеги жубана:

-СПКайилан цIарги лъун, кIиго-лъабго чияс кваналеб буго халкъалъул гIаммаб магIишат. Колхозазул гьанже ругел нухмалъулезда лъалебги кIолебги жо буго колхозалъул хер бичун щвараб, яги хIукуматалъ дотациязе къураб гIарац гIаммаб магIишаталъе гуреб, жалго бетIергьанал магIишатал церетIеялъе, гьел бечед гьариялъе хIалтIизаби. Гьелъие киналго шартIалги чIезарун руго гьезие: гьезухъа гьел гIарцазул хIисаб-суал тIалаб гьабулев чиги гьечIо, магIишаталъул бетIергьаби-росдал жамагIатги кIалъачIого чIун буго. Гьединлъидал, жиндирго инсухъа ирсалъе щвараб кинниги халкъалъул буголъи кваналел гьелги руго. Аллагьасе рецц буго, метерисеб къоялъгIаги гьез жаваб кьезе кколелъул.

Гьев чияс бицунеб жоялъухъ гIенеккараб мехалъ ракIалде бачIун букIана, унго бугодайха гьаниб гьедигIанго квердаса борчIараб хIал, абун. Амма гьениб бугеб ахIвал-хIал бихьун хадуб, гьес бицаралда щаклъи ккезе бакIго хутIичIо.

Гьеб магIишаталъул дица цIар рехсолеб гьечIо, щай гурелъул, гьединабго къиматалъе мустахIикъал магIишатал районалда цогиги ругелъул.

Амма кибго гуро гьединаб хIал бугеб.

Щвана Хелекьури росдал магIишаталде. Гьеб магIишаталъе 6 соналъ нухмалъи гьабулеб буго ХIажимурад Назировас. Гьес кьурал баяназда рекъон, хьон хьазе хIадурун буго 400га ракь, 100 тонна гIанасеб хьонги буго хIадурун. Цого гьесул рахIат хвезабун бугоан росдал магIишаталъ кьолеб продукциялъулги ва гьеб гIезабизе хIалтIизабизе кколеб цIатариялъулги багьабазул дандеккунгутIиялъ.

-Соляркаялъул цо литр жакъа 26 гъурщиде бахун буго, амма рахъги гьанги 4-5 соналъ цебе букIараб багьаялда хутIун руго. Ракь хIалтIизабизе кканани, гьаризе кколел тадбирал нилъеда лъалаха. Техникаялъул рахъалъ магIишаталъул хIал гIолеб гьечIони, абураб багьаги кьун, цоги бакIалъан гьебги балагьизе ккола, хьодуе дараби гьариялъухъги кьезе ккола гIарац. Дотация щвезе кканиги, гIемер рортанхъизе ккола гьелда хадур. Гьеб дотациялъулги, гьоркьиса 10 гъурущ кьолеб букIун батани 1 кг., исана гьебги 4 гъурущ гун20 копекалде ккун буго.

-Гьелгощинал харжалги гьарун бекьизегIан, бекьичIого тезе бегьуларищ гьеб ракь, тIадежоялъе гибицинегIан гьелдаса щолеб пайдаги батичIони?-ян цIехана дица гьесда.

-ТIубанго пайда гьечIилан абизеги бегьиларо гьелъул-ян жаваб кьуна гьес.-Цо бугони, 50 ниги чиясе хIалтIизе ва гьабураб хIалтIухъ мухь щвезе рес буго. Цоги-нижер магIишаталда буго 600 чIегIерхIайван. Гьезие хIадуризе ккола хасалие рагIи-хер. Гьелъул планги нижеца тIубан буго 130 проценталъ. Исана ракIалда буго 80 баси хьихьизе лъезеги. Гьеб боцIуе хъулухъ гьабизеги къваригIуна хIалтIухъаби. 16-18 азарго гъурущ харжал ругебги заман букIуна гьенир хIалтIулел дояркабазул, гьебги харжалде тIаде кьолеб тIощел, хер рикIкIинчIого. Рес щвана кIиго цIияб трактор босизе ва кIиго бокь базе.

ГIицIго хIалтIухъабазе гуребги, рес буго харил рахъалъ бугониги, г1арцул рахъалъ бугониги г1адамазе нижерго ресалда рекъараб кумек гьабизе. СахIазе ролъ битIунги, мавлидал ахIулелъул кIвараб жо гьабунги магIарухъ ругезеги щола дагьа-макъаб кумек. Гьединлъидал ракь бекьиялдаса пайда гьечIилан абизе бегьуларо.

Гьел ракьал хIалтIизаричIого тезе бегьунгутIиялъе буго цогиги гIилла. КIиго соналъ тIатIалаго ракь бегичIого танани, хьарахъги жаниб бижун, хадубккун бекьиялдаса гьеб уна. Жакъа гьадин бугониги, нилъеда лъаларо метер кинаб къимат ракьалъул букIунеб. Гьединлъидал ругел ракьал нилъеца цIунизе ккола.

Ракь хIалтIизабиялдехун гьединабго бербалагьи бугоан «ГIашали» СПКялъул председатель Салатгерей Гехаевасулги.

Амма гьес абулеб буго, санайилго цого бакIалда, ролъ ва пурчIина бекьичIого ракьалдаса пайда босиялъул цоги къагIидаби ургъизе кколилан.

-КигIанго нилъеца хъулухъ гьабуниги, дол цере кьолел ракIарал центнерал тIощалил гьанже ракьалъ кьоларо, щай гурелъул язихълъулеб буго ракь, холеб буго гьелъул качество.Ростовалдаса «элитный» абун тIаса бищун босулеб буго хьон ва нилъее къваригIунеб буго Ростовалъул ракьалъ кьолеб бачIин Бабаюрталдаги бакIаризе. Ракьалъул качествоялда ургъулелго гьечIо. Рекъул план тIубазе гIоло гIададаго ракь бегулел рукIинчIого, пайда бугеб къагIида тIаса бищун гIуцIизе ккола хIалтIи. Нижеца 11 гектаралда чIана цIияб ах ва цо хъизаналъе 50 гъветI кколеб хIисабалда гIадамазе бикьана, гIицIго жидеего пайда босизелъун. Цо-цояз тIалабго гьабичIого хвезе тана гьел, гьечIо гIадамазулги хIалтIудехун кIудияб гьира-шавкъ. Бахча гьабизе бокьаразе кьолел руго ракьал, гьебги СПКялъе кинабгIаги процент гьечIого, гIицIго гьабурасе жиндиего кIвараб пайда босизе гIоло. Гьеб хIалтIи гьабулев чиги гьечIо. Кин бугониги, ракьал рекьичIого рехун тезе бегьуларо. ТIад хIалтIи гьабулагоги захIмат буго гьел цIунизе.

Цогиги жоялъ буго ракьал хIалтIизарулезул рахIат хвезабулеб. Гьанже баккун буго «Амброзия» абураб хер ва гьеб тIадеялдаса-тIаде цIикIкIунеб ва тIибитIулеб букIун гуреб, дагьлъулеб гьечIо. Гьеб тIагIинабиялъе хIалтIаби гьаричIони, гьелъ киналго ракьал кколеблъи хIакъаб буго. ТIадежоялъеги гьеб рагIуна инсанасул сахлъиялъе зарар кIудияб херги.

Хадур ниж щвана Бабаюрталда аскIоб бугеб цо фермерасул магIишаталде. Гьесда цIарго абула «пиринчI бекьулев ХIайдар» абун. Гьев ХIайдарил магIишаталда тIадбан унеб бугоан хIалтIи: цоял пиринчI бацIцIунел, цогидал-хьон хIадурулел. Жидерго хIалтIудасанги щолеб мухъалдасанги разиго ругоан гьенир хIалтIулелги.

СССРалъул заманалда нилъер районалъул магIишатаздаги бекьулаан пиринчI ва гьелъ лъикIал хIасилалги кьолаан. Масала, гьеб пиринчI бекьараб соналъ РикIвани росдал «18 партсъезд» колхоз лъугьана «колхоз-миллионерлъун». Гьабурасе гьанжеги руго долго ресалги дагьалги лъикIал шартIалги. Дие бетIер унтиилан ва хер бичун щварабги гIелин абун рукIинчIого, магIишатазул нухмалъулез хIалтIи гьабуни, Аллагьги разияб гIадамалги разияб хIал букIинаан.

*А. АГЪЛАРОВ*

# ХУНЗАХЪ ТIАЛЪИЯЛДА МАГIАРУЛ БУТIРУЛ...

Итни къоялъ радалго районалъул бетIерасул заместитель, редакциялъул куратор телефоналъ кIалъан вачIарабго бичIчIана гьаб анкь лъикI ине гьечIеблъи.

-Хунзахъе инехъин руго метер, Миннацалъулгун соглашение о сотрудничестве хъвазе,- йилан бащдаб авар, бащдаб кIудиял



вацазул мацI хъуризе жувана нижер гьитIинав хIаким.

-Районалъул галаваги, дунги, мунги,культуправлениялъул начальникги – тIокIав чи хIажат гьечIилан лъазабуна бетIерас,-абун дие битIахъе лоторея бергьараб гIадин воха-хинлъун вугоан куратор.

ПалхIасил, Хунзахъ тIалъиялде тIавап гьабулеб «пачалихъияб» делегациялде гьоркьове ккей баркана гьес дида.

ХIакимзаби «хирияв» дие бачIинахъего инкар гьабизе бокьун букIана, амма гьагъадигIан гьираялда шефасул буйрухъ тIубазе бокьарав замасул ракI хвезабиларин, солдат гIадин хIадурав вугин жаваб гьабуна.

БукIана гьелъие цоги гIиллаги.

Рехсараб къотIи-къаялда (соглашение) гъулбасал лъезе магIарул районазул тIолалго бутIрулги рачIине рагIула Хунзахъе.

НекIого ккун рукIинчIо дир къалмикье «къиматал» эмехвадал…

СагIат анцIила цоялда данделъи байбихьизе бугилан, щвана Культураялъул кIалгIаялде. Цо лъалей гIадай, амма хваниги щияли ракIалде щвезайизе кIвечIей, «мадамги» йигоан къотIи-къаял хъваялъул церемония лъикI тIобитIизелъун, тIолалго сверухъ ругезе гIакъуба кьолей, ай репетиция гьабулей. КIиго компьютерги, аскIоб кIудияб экран бугеб телевизорги-палхIасил Керемлиялъул гьундузухъ букIунареб гIадаб атмосфера гIуцIун бугоан.

Гьале цо бакIалде ракIарана мажлисалъул аслиял «бахIарзал»-бечедго ретIа-къарал магIарул районазул бутIрул. Киналго гуроичIгояв-ЦIунтIаса байбихьун Унсоколоре щвезегIан.

Цо нухдаги вугила (гумбеталъул), цогидав,гунибский, ахIанже тIадеги щвезе вугилан лъазабуна данделъаразда Зикрула Зиявудинович абулев рехсараб мажлисалъул бищун кIудияс.

Баяналъе абун телин: Зикрулагь ккола тара-тарав министрасе цевегоялдаса нахъе тIоцевесев замлъи гьабулев гIезегIанго лъай бугев Гуниялдаса интеллигент.

Халатаб, Дагъистанги Россияги бещцараб, гьоркьов-цеве цIияв президент Рамазан Х1ажимурадовичги кIоченчIеб кIалъай букIана Зикрулагьил.

Печаталъулгун информациялъул министрасул тIоцевесев зам. Зубайру ГIисаевичас дагьаб мада-кIачар гьабуна, халалъаниги, гIезегIанго пагьмуяб кIалъай ккана гьесул. «Черновикалъ» куцарав чилъидал, гьанже чиновник вахъаниги…

***(Хадур цере рахъарал гIемерисел бутIрузул «моя русская язык» бихьидал, Зикрулагьги Зубайруги Гарвардалъул профессоралилан ккана дидаго).***

РагIи кьуна бутIрузе. Бицине жо течIо тату хваяз. Зикрула цояз вещцун, Зубайру цогидаз кIодо гьавун, битIахъе берталъ тостал рорхулеб хIисаб букIана гьезул.

Зикрулаца абухъе, Зубайруца малълъухъе-гьеб калам букIана кечI гIадин киназулго кIалдиб. Дол кIигоялги рукIана кIванагIан даволни, классикал гIадин жалго рехсолел рукIиналдаса.

Цо бетIерас, цIумадисезул вукIанин ккола, академик Абалкинилги Аганбегянил цIаралцин рехсана.

-Гьеле гьел чагIаз Москваялда дарсал кьурав чи ккolaxa дунги, - йилан вохуца холев Зикрула Зиявудиновичги вукIана.

Амма бутIруз бицунеб жоялда «Аганбегил» махIго чIвалеб букIинчIо- бацIцIадаб рецц-бакъалъ цIун рукIана бутIрузул кIалалги ракIалги…

Байбихьи, щаялиго, гIахьвалазул бетIерасдаса лъуна. Къаркъала кIудиясдасадай гьаз байбихьаниланцин паркъана пикру. Гьединги рукIун руго гIурус алфавиталда рекъон хIалтIила.

ГIахьвалас хъурараб жоялдаса ботIролъе ана цо пикру- гьев прессаялъе «заказать» гьавун вукIин. ИсмагIилида божани, гьесул рахъалъ сахаб рагIи абугеян ХIукуматалъул Рокъоса буюрухъ рещтIун рагIула телевидениялдегун казият-журналазде. ТIокIаб хIалтIигойищ гьеб рукъалъул гьечIебали.

Щиб лъалеб, бетIер витIарав ватизеги бегьила, амма дидаго дандчIвачIо я гIахьвалазда, я кIаралазда гьоркьов гьесул рахъалъ гьимун рагIи абулев чи. ЦохIо Рамазан ХIажимурадовичас вещцанила гьев юбилеялъул къоялъиланги бицана цо-цояз. Амма дицаго гьеб жо тана Рамазанил эмоционалияб хасияталъул гьитIинабго гIунгутIилъун.

ТалихIалъ, нилъер балъхъадерил бетIер гьенив «умничать» гьавизе жувачIо. Гьеб гьабурав мадугьал вихьун ватилаха. Амма нилъерасул тату хвезабун бугоан РГВКялъул хъахIилаб экраналдаса щибаб сордойил заочно рокьи хIалел, ай иш ригьин-цIаялде цIазе къасиги къадги чIечIого къеркьолел «магабазгун» «патябаз». Гьеб жо позор бугилан щцим бахъун гаргалев вукIана Малачевич Зубайруевасдехун. Залги букIана жеги цIикIкIун гьалаглъулевани гьевилан.

Хуан Карлосазги Мексикаялъул сериалазги магIарухъцин молодежь хвезабулеб букIиналда ракIчIун бугоан гьесул. Сериалазулги ссвин гьечIеб рокьулги гуреб, магIарул гIадатазул, умумузул лъикIал ишазул, гIамал-хасияталъул хIакъалъулъ сахал передачаби гIуцIизе лъица квалквал гьабулебилан конкретни суалги лъуна Патхулаевас гьезда цебе.

Балъхъадерил хIакимасул пикруялда разилъана Зубайру, амма рухIиял передачаби гIуцIизе гIарац гьечIила, рейтинг абураб жоялъ толеб гьечIила цIодораб, пайдаяб пикру экраналда паркъизейилан мукIурлъана.

ГIемерал кIалъана гьеб къоялъ Хунзахъ тIалъиялда магIарул бутIрул, хIатта тIад-тIад руссунги микрофон кодобе босаралги ккана.

ГаргадичIел анищинги ккезабуна цIикIкIарасез. Жидерго лъавукълъиниги бахчун хутIилаан.

БежтIа участкаялъул бетIерасул кIалъаялъул таржама гьабизе дида бажаричIо, тIаса лъугьа цIалдолел.

Гьевни те, цIунтIадерил галавайилан цеве вахъарав, цо очкаби рарав чияс гIажаиблъизавуна.

29 соналъ Мосва шагьаралда гIумру гьабурав чи кколила живин рекIелъ кIудияб чIухIи-разилъигун кIалъана гьев хундеридаги хутIарал товарищаздаги.

КIалъаялъулъ риччарал гъалатIазул хIисаб гьабидал, жеги цо 20 соналъ улкаялъул тахшагьаралда таниги бегьилаанин (гIурус мацIалъулъ дагьабго роцIцIен ккезе) гьав чийилан ракIалде ккана. Цинги ботIролъ паркъана 29 соналъ ватIаналде щвечIев гьав гьобо базейищ ГIабдулатIиповас ЦIунтIе витIаравилан абураб пикру. Гьеб параялъго хIинкъизеги хIинкъана дирго гьеб рекIкIаб пикруялдаса-живго президентасул политикалъидал апаргзаби ватIаналде тIад руссинари. Чияр ракьалда кидалъагIан рукIинел саламатал магIарулал?

Доле церекъад МахIачев ХIажиги вуссун рагIула инсул сверуде, ай Совминалде. Жеги мухIканго абуни- Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул бетIерасул



заместительлъун.

Дицаго МВДялде тIамилаан, пишацоязда тIад «лал тIамизе»…

Гьеб гали тIамун хадуса АРГоясул рейтинг хисун рагIула 50 проценталъ. Кинаб рахъалдехун хисарабали, гъунисез абухъе, дида гьайнаро.

Гъунисезул бицен ккун бугелъул, гьезул бетIер Пахрудинил рахъалъ цо кIиго рагIи абила. ВукIинеги лъалев, халкъги разияв бетIерилан бицуна гьесул рахъалъ гIадамаз. Хунзахъги саламатаб, сабураб, магIна-гIин бугеб кIалъай гьабуна гьес.

ГIурусаз абухъего, лъикIалан пар биччан хадур, тIолалго бутIрулги Зикрула Ильясовги рохалилаб церемония тIобитIизе фоеялде рачIана.

Байбихьана цебеккун киданиги нилъеда рагIинчIеб, бихьичIеб, «миллаталъего кIвар бугеб» кIудияб тадбиралде - Миннацалдаги районаздаги гьоркьоб цадахъаб хIалтIи гьабиялъул хIакъалъулъ къотIи-къаял хъваялде.

Иргадал ахIулел рукIана бутIрул, берцинго къачIараб столалда нахъ кIусарав, Зикрулагь Ильясовасде аскIоре гъулбасал лъезе. Ай цо багIарал папкабазул бартер гIадаб жо гьабулеб букIана- Зикрулагьил автограф бугеб папка бетIерасухъе кьолаан, бетIерасул лъураб Зикрулагьихъе ккезабулаан.

Гьениб гIахьвалазул бетIерас гьадав кIиясего (Зикрулагьиеги Зубайруеги) сайгъаталги кьуна : жидер юбилеялде рачIине санагIат ккун батиларила нужер, амма нуж кидаго рукIунила жидер хIеренал ракIазулъ).

РикIкIадаб ГIахьвахъцин кIочонарел кIудиял хIакимзабазда бахиллъизецин бачIана…

КъотIи-къаязде нуцIаги къан, гьалбал къаде…(къадекакдейилан хъвазе дагьалъ хутIана) къадекваназе аскIобго бугеб спортивияб комплексалде ана. Мажгит дагьаб рикIкIад букIиналъги, концерталъул квешаб хъуялъги лъидаго «рагIинчIо» хундерил будунасул гьаракь. ***(БутIрузда тIириги мунагь букIине батиларо, рухIалдасаги хIакимзаби хирияв цо товарищасда божани- гьез коллективно сапаралъул какал разе ният гьабун букIун буго... квана-гьекъон рахъараб мехалъ. Бакъанилалде данде рачун)…***

КIиго чиясдасан цIикIкIун гIадамал ракIарараб бакIалда ине нечолев дун пакъир, къватIив тирасверулев хутIана.

Цо заманалдаса раккун рачIана ярагъ борчарал чагIи. 90-абилел сонал ракIалде щвана гьеб параялъ. Цеве-цеве цо чIурканго ретIа-къарав, гьежалда хирияб сагIат барав гIолохъанчиги, хаду-хадур гьесул черх цIунарал цIа гIадал гIолохъабиги «роржун» ана спортзалалде жанире.

-Гьадал щал чагIи?- йилан гьикъана дица цоги дунго гIадав квана-гьекъеялдаса инкар гьабун къватIив чIарав «аскетасда».

-Хундерил бетIерги гьесул чукъбиги, - йилан цо кIудияб гьираго гьечIого жаваб кьуна «вакъарас».

- Рекъон гьечIоха «пакъирасда» жиндирго рокъоб гьеб тIадагьаб хьвада-чIвади,- йилан хIинкъадго дирго пикру загьир гьабидал:

-РекъечIел жал дагьал ратила Дагъистаналда. Дов Смоленскиязул чи вуго,-ян абуна «вакъарас» щцим бахъун.

Гьедин батани, цIакъ рекъон бугин, тIаса лъугьайилан, дица гьесдехун мугъ сверана…

БутIрузул «кьарияб» обед бигьаго лъугIунареблъи бичIчIарав дун БакьагьечIиве гьудуласухъе ана.

Хадув щвана ЦIадаве-ХIамзатилги Расулилги ВатIаналде.

Гьаб жакъа букIараб бутIрузул «сходкаялда» инсуцагун васас щибдай абилаанин пикру гьабуна дица, ЦIадаса тIад вуссунаго.

***ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ***

**АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ -14сон**

# БЕРГЬАНА ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ ЦОЛЪИ ВА ГЪУНКИ

Исана анцIила ункъабилеб нухалъ районалъги ва тIолабго Дагъистаналъги кIодо гьабулеб буго 1999



соналъул августалъулаб рагъда халкъазда гьоркьосел хъачагъазда тIад бергьенлъи боси.Гьеб кIодо гьаби районалдаги Дагъистаналдагоги щибаб нухалда уна республикаялъул халкъазул гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул ва гъункиялъул, гIагараб ракьалде бугеб рокьиялъул, гьелъие ва гьеб ясбер гIадин цIунеян нилъер бахIарчиял умумуз наслабазде бугеб васигаталъе ритIухълъиялъул ва нилъер кIудияв ва божарав вац-гIурусхалкъалъулгун бугеб гьудуллъи-вацлъиялъул ва гьелъул щулалъиялъулги халгьабиялъулаб ахIвал-хIалалда. Ва щибаб нухалда гьеб кинабгоялъе кьолеб буго цIияцIияб къуватги, щулалъиги ва бичIчIи буголъиги. Гьелдаго цадахъ щибаб нухалда нилъ цIикIкIун ургъизе тIамулел руго хъачагъазул мурадазда, гьезул «бетIергьабазда», цо-цояз абухъе гьеб рагъ коммерческиябищ букIараб я цогидабищ букIараб ва гьединго, гьеб хъубаб рагъда кьокьабго заманалда бергьенлъи босизе квербакъараб къуват кинаб букIараб абурал ва цогидалги суалазда тIад. Гьел суалазул гIемерисезе жаваб щвезеги гьел ричIчIинеги нилъее квербакъулеб буго бетIералда СШАгун халкъазда гьоркьосеб империализмалъ Европаялъулги ГIарабустаналъулги церетIурал ва жидедаго жалго чIарал улкабазул цоялда хадуб цоялда гIуцIулел ва рагъаризарулел ругел халкъалда гьоркьосел правовияб гIадлу хвезабиялъулал ишаз. ЛъикIаб ва цIияб гIумруялъе, демократиялъеянги абун къватIире рахъинарулел руго «опозиция» абураб цIаралда гьоркь церекхунго хIадурарал кьеркьерал гIадамал, хасго гIолохъанал гIелал. Гьезие рагъулаб кумек гьабиялъе иргаялда щибаб пачалихъалде жанире балъгого лъугьунел руго долларазухъ ричун росарал бандиталги.Аслияб къагIидаялда гьел хъубал ишазул «бетIергьабаз» мугъчIвай гьабулеб буго западалъул культуралъ пикрабазе квешаб асар гьабурал, мукъсанал пикрабазул ва бичIчIиялъул гIолохъабазда ва долларазухъ ВатIанги намусги бичулел тайпабазда. Амма гьединазул ахираб къисмат ккола релълъараб ва пашманаб. Гьезги гьезул «бетIергьабилъун» рахъаразги гьел улкабазда бижизабулеб бугеб талихIкъосиялъулаб къоринисан къватIире лъугьине кIоларого руго халкъал. Щиб лъалеб, нилъер районалъулги Дагъистаналъулги ракьалде тохлъукьего жанире лъугьарал халкъазда гьоркьосел хъачагъазулги гьединабго мурад букIарабали. Гьезда гьорль пикру мукъсанал, жидее щиб хIажат бугебгицин лъаларел цо-цо нилъергоялги камун рукIинчIелъул. Амма гьезул, кинал рукIун ратаниги, гьел хъантIарал ва хъубал къасдал гIумруялде рахъине риччачIеб тIоцебесеб аслияб къуватлъун букIана Дагъистаналъул халкъазул гIасрабаз рагъулалги тIабигIиялги захIмалъабаз гIемер хIалбихьараб бихи гьечIеб вацлъиги гъункиги. Таварихалъул щибаб нухалда гьединал захIмалъаби, хасго къватIисан рачIарал, кьезаризе Дагъистаналъул халкъазе гIакълуги гIакъиллъиги гIолаан цогояб халкъалде свериялъе. ХIакъикъаталдаги мацIал батIи-батIиял руголиги гьел цогояб, цого биялъул халкъ бугелъулха. Гьеле гьелде, ай гьеб рахъ Дагъистаналда жеги щула гьабиялде хасаб кIвар кьолеб буго Дагъистаналъул



цIияв президент Р.ГIабдулатIиповас ва районалда-районалъул бетIер М.ПатхIулаевасги. КIиабилеб къуватлъун букIана Россиялъул Федералияб пачалихъги Дагъистанги цогояб улка букIин ва гьеб улкаялъул армия хIадураб букIин гьеб улкаялъул бокьараб бутIа цIунизе. Гьединан букIана 1999 соналъул августалдаги. Гьеб кинабгоялъул рахъалъ нилъ рачIине ккола нилъер умумузул «Цин бихьараб хьоде те» абураб гIакъилаб пикруялде. Гьанжесел рагIабазда абуни, гьеб ккола «Гьеб букIине ккола нилъее кIочонареб дарслъун»ян. Нилъер улка тун къватIисан кигIанго пударун щал рачIаниги гьезие дагъистаниял рокьизе рес гьечIо, гьезие бокьула Дагъистанги гьелъул тIабигIиял бечелъабиги. Гьеб бичIчIунаревги ккола гIабдал ва умумузул васигаталъе хилиплъарав чи.

Гьанже, кигIанго халалъулеб бугониги бокьун буго августалъулал лъугьа-бахъиналзул байбихьиги инги ракIалде щвезабизе. Божарав вуго, гьелъул хIакъалъуль цIикIкIун бицарабгIан районалъул гIун рачIунел гIелазда гьеб рагъ багъаризабуразул хIакъикъияб мурад цIикIкIун лъазе букIиналда. Гьеб байбихьана 1999 соналъул августалъул 7 абилеб кьоялъул рогьалилъ бальгояб къагIидаялда гIадамал кьижун рукIиналдасан пайдаги босун АнсалтIаги сверухъ ругел росабаздаги яргъид гIуцIарал хъачагъазул рикIкIен гIемерал боял рещтIун ратиялдасан. АнсалтIа сверухъ гьел тIоцере рихьула радал хеккого боцIуе хъулухъалъе рахъарал рукъалъул хозяйкабазда. Гьеб заманалдаги лъугIинго букIун гьечIо магIардасан рехе, рохьосан гьоркье рачIунел хъачагъазул мухъал. Рилълъине захIматаб хIалалда яргъид гIуцIун рукIун руго гьел. Ахирисел мухъал гьезул лъалхъичIого РахатIехун унел рукIун руго.....Гьединан, рорч1ун рукIарал цо чанго чIужугIаданалъ ахIи баялдалъун гьеб параялъ тIаде бахъуна тIолабго росу. Росдал вакилзаби уна хъачагъазухъе ва чIванкъотIун тIалаб гьабула тIокIалъ нахъе бахъичIого рачIаралъуре тIад руссайилан.Гьеб лъазабиялъе хъачагъазул жаваб букIана кьокьаб:«Ниж гуро нужеца ахIун рачIарал, нужер тIалабалда рекъон нахъе ине. Ниж руго Аллагьасул амруялдалъун нужер гьаниб «бацIцIадаб» ислам ва шаргIияб гIадлу-низам гIуцIизе рачIарал»-ян. ГIицIал квераздалъун гьеб къуваталдасан бергьунаребги лъан росдал вакилзабаз ва чIахIияб гIелалъ хIукму гьабуна хъачагъал гIакъилаб къагIидаялда нахъе гьеялъе нухал ратизе. ЛъикIаблъун бихьула бугеб хIалалъул бицун районалъул нухмалъулезухъе ахIи... Хеккого тIаде щола районалъул вакилзаби-райадминистрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместительлъун вукIарав мунагьал чураяв ГI-М ГIалимухIамаев, районалъул Собраниялъул председатель ХI-ГI ИзмагIилов, районалъул къади АхIмадудин-хIажи, Болъихъ росдал бетIер Ч-ХI ИзмагIилов. Гьел дандчIвала хъачагъазул бетIер Ш.Басаевгун. Расниги нечечIого гьездаги абула:-Ниж ахIун, яги тIад руссинелъун гурел, тIадегIанав Аллагьасул амру тIубазабизе рачIарал руго,-ян.Гьел рагIабазда хадубги районалдасан рачIаразги ансадерицаги хъачагъаздасан тIалаб гьабулеб букIана ракълида тIад руссин. Амма щибаб нухалъ гьезул тIалабалъе хъачагъаз кьолеб букIана добго жаваб... Гьезулгун хабар дандкколеб гьечIолъиги бихьун районалдасан рачIаразул хIукму ккана заманаялъе

## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ -14сон

# БЕРГЬАНА ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ ЦОЛЪИ ВА ГЬУНКИ

гIадамал нахъе рачине. Гьез гьеб дандбана телефоналдасан республикаялъул нухмалъулезулгунги. Ансадерил нухмалъулелги жамагIатги гьелда разилъана.-Амма лъималги, руччабиги ва херал гIадамалги гурони нахъе риччазе гьечIо, гIолохъабиги ва цогидал бажари бугелщиналги чIезе руго росу хъачагъаздасан эркен гьабизе,-ян загьир гьабуна гьез. -Цабзазде щвезегIан яргъид гIуцIун ругел рикIкIен гIемерал хъачагъаздасан нужер чIорогосел квераз росу эркен гьабуларо,-ян абуна районалдасан рачIараз. Республикаялъул нухмалъулез абулеб буго федералиял аскариял рачIунел ругин хъачагъазде гъужум гьабизе, гьеб гьабилалде росдал киналго гIадамал нахъе ине кколин. Нижеца росулъе битIизе буго хIажатаб автотранспорт, гьелдаги рекIун, бугелъуб бугебги тун рачIине ккола,-янги абун районалдасан рачIарал нахъе уна. Гьединабго хIал букIана Шодрода, РахатIа росабалъги. Республикаялъул хIукуматалъул цебеккунго букIараб къотIи-къаялда рекъон гьел росабазул гIадамал заманаялъе къабул гьарула республикаялъул санаторияздагун лагеразда… Амма гьеб росдал гIолохъаби рещтIуна райцентралда-гIагаралбожаразухъ. ГIуцIула ополченцазулал отрядал ва гьезул нухмалъи. Гьелъул штабалъул начальниклъун тIамула Казбек ШагIбанов, командирлъи тIаде босула районалъул казначействоялъул нухмалъулев М. Лабазановас. Штабалъул члененаллъун рищана АнсалтIа росдал школалъул директор А. Пахрудинов, Р.Муслимов, архитектор М. ГIумаров, М.Юсупов, Хайрула Гъайирбегов, С.Сиражудинов, М.ХIайбулаев.

Ансадерил ополченцазде журала хеккого тIаде щварал Шодрода , РахатIа ва ТIандо росабазул ополченцалги. Гьел киналго хIалтIулел рукIана районалда гIуцIун букIараб республикаялъулаб штабалъул бихьизабиялда рекъон. Гьеб штабалъе нухмалъи гьабулеб букIана машгъурав политик ХIажи МахIачевас. Гьесул заместительлъун вукIана нилъер ракьцояв М-ХI ЗайнулгIабидов. Росдал гьоялъ гурони бацI кколарин абухъего, гьес кинаб бугониги вихха-хочи биччачIого, ракI унтун ва иш лъан гьабулеб букIана жинда божизабураб хIалтIи. Бажарун цадахъ рекъон ккезабулаан федералиял аскариязулги милициялъулги районалъул ва кумекалъе рачIарал ополченцазулги хъачагъаздехун гьабулеб къеркьей. Гьениб жиндирго хасаб роль бихьизабулеб букIана райадминистрациялъул бетIер М-Д ГIумархIажиевасги.



ГIагараб ракьалдасан хъачагъал нахъе гъеялъе ополченцазулаб хIаракатчилъи букIана Болъихъ росулъгун райцентралдаги. Гьелъие нухмалъи гьаби тIаде босана Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул физкультураялъул учитель М-ХI МухIамадхIажиевас. Гьезие тIолабго рахъалъулаб кумек, хIатта ярагъ щвезабизегицин кумек гьабулаан районалъул прокурор М-Ш Къурбановас ва цогидазги… Болъихъги АнсалтIа участкаялъул росабазулги ополченцазул нухмалъулел М-ХI МухIамадхIажиевги М. Лабазановги церечIарал масъалабазул бицине ахIулаан щибаб къоялъ зама-заманалда тIоритIулел рукIарал республикаялъулаб штабалъул данделъабазде. Гьел данделъабазда кьолел рукIарал буюрухъал тIуразарулаго ополченцазул нухмалъулез жидерго ополченцал ритIулел рукIана аскариязе хъачагъал ругел бакIал ва гьенире хIинкъи гьечIел нухал рихьизаризе. БатIаго гьеб рахъалъ аскариязе кумек щолеб букIана АнсалтIа, Шодрода, РахатIа, росабазул ополченцаздасан. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьезул чамгоясе щвана пачалихъалъул тIадегIанал рагъулал шапакъатал.

Гьединалго ополченцазулал штабал хIалтIулел рукIана ГIанди, Гъагъалъ, Гъодобери ва цогидалги росабалъ. ГIанди участкаялъулго ополченцазулаб багъа-башариялъул оперативиябгун обороналъулаб хIалтIуе профессионалияб къагIидаялдаги ва кIудияб жавабчилъиялдаги нухмалъи гьабулеб букIана Хасавюрталъул ГОВДялъул начальник милициялъул полковник ГIумахан ГIумахановас. Гьезда кIвана ГIандисан гьоркье Мунирeги рачIун Болъихъ-МахIачхъала нух къазейин букIараб хъачагъазул макруяб къасд кIалагъоркье чIвазабизе. Гъодоберисезул ополченцаздайин абуни кIвана хъачагъаз тохлъукьего кверде босун букIараб Гъоркь Гъодобери къокъабго заманалда эркен гьабизе…

КIикъоялда хадур къоязда жаниб районалъул хIурматияб ракь халкъазда гьоркьосеб империализмаялъул чукъбуздасан эркен гьабиялъе гуребги Дагъистаналъул конституциялъулаб гIуцIиги, Дагъистаналъулги Россиялъулги вацлъиги ва цоголъиги цIуниялъулги бергьенлъи босана тIоцебе Дагъистаналъул халкъазул вацлъиялъги ва гьункиялъги. Узухъда, гьениб мустахIикъаб роль букIана улкаялъул рагъулаб кумекалъулги, россиялъул регионазул вацлъиялъулаб рахъкквеялъулги ва гьел августалъулал лъугьа-бахъиназул тIолалго гIахьалчагIазул патриотизмалъулги ва бахIарчилъиялъулги. Гьезул нус-нус чи мустахIикълъана ВатIаналъул тIадегIанал рагъулал шапакъатазе.

Рагъул тIоцересел къояздаго ансалтIисев гьитIинав гIолилав ХIажимурад НурахIамаевас гьезулго автоматалъ ункъо хъачагъ -тушман цого заманалда «къурбан» гьавиялъул рохалилаб хабар тIолабго улкаялдаго тIибитIана. Гьев мустахIикълъана «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIаралъе (хун хадув). Гьесулги ва районалда тIоцебе хъачагъазде жиндирго ярагъ хIалтIизабурав Шодродаса ГIабдула ХIамидовасулги мисалаз районалъул гIолохъабазулъ жеги цIикIкIинабуна патриотизмаги ва бергьенлъиялде бугеб божилъиги.Тушман районалъул ракьалдасан вачахъиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ГIандисев гIолохъанчи Муртазали Хъазаналипов (хун хадув) ва гьединавго гIолохъанчи ДибирхIажи МухIамадовги (Гъодобери) рахъана «Россиялъул БахIарчи» абураб цIаралъул кавалераллъун.

Гьединго нилъер ракьалда бихьизабураб гьунаралъе ва бахIарчилъиялъе гIоло «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIаралъул кавалераллъун рахъана:

Федералиял аскариял Роман Викторович Сидоров, Игорь Владимирович Хомейко ва Сергей Вячеславович Костин. Нилъеца щибаб сонайил кIодо гьабулеб бергьенлъиялъе гIоло рагъулаго шагьидлъана нилъер 117 чи. Гьезда гьорлъ руго нилъер районцоялги. ГIелаз ракьалде щвезегIан бетIер къулила гьезие. Кидагосеб рецц ва хIурмат гьезие!. Рагъ рагIалде щолел къоязда районалде бергьенлъи баркизе рачIун рукIарал доб заманалда Россиялъул Премьер-министрлъун вукIарав В.Путиницаги Дагъистаналъул нухмалъулев М-ГI МухIамадовасги тIадегIанаб къимат кьуна районалъул ополченцазеги тIолалго дагъистаниязеги. «Цебе дица дагъистаниязул хIурмат гьабулаан, гьанжейин абуни нуж дие рокьана»,-ян абуна В.Путиница. Гьевго В.Путинил хIаракатчилъиялдалъун пачалихъалъ кIудияб гIарцулаб кумек гьабуна минаби жагъал гьаруразеги, риххизаруразеги ва цогидал заралал ккаразеги. Амма гьеб кумекалъул, бащадабгицин гьезухъе щвезе течIо цо-цо хъантIарал чагIаз, гьебго тайпаялъ гьединан гурони щвезе биччачIо продовольствияб кумекги. Гьеле, гьеб тайпаялъе букIанин абизе бегьула августалъулаб рагъ коммерческияблъун. Гьелде килщазда гьоркьосан балагьулел рукIана хъаравуллъиялъулгун правоохранительниял органалги. Щиб лъалеб гьелги чIорого толел рукIун ратиларо. Гьеб кинабгоялде ТIадегIанав Аллагь жакъа гьечIони метер гьедин валагьизе гьечIеблъи хIакъаб буго.

Районалъул таварихалъулъ меседил хIарпаз хъвараб тIамачIлъун лъугьараб гьеб рагъул бетIераб хIасиллъун лъугьана, КIудияб ВатIанияб рагъдаса хадуб бихьун букIинчIеб, нилъер армиялъулги халкъалъулги щулияб цолъиги, ВатIаналде бугеб кIудияб рокьиги, аскариязулги Дагъистаналъул милициялъулги, гIолохъанлъиялъулги ва гьениб гIахьаллъи гьабуралщиназулги бахIарчилъиги, гьунарги, тIадегIанаб патриотизмги ва гьединаб халкъ къезабизе кIунгутIиги тIолабго дунялалда бихьизаби.Районалъулги Дагъистаналъулги ва улкаялъулгоги гIун рачIунел гIелазе гьеб хутIила ВатIан бокьиялъулги,гьелъие ритIухълъиялъулги ва бахIарчилъиялъулги рахъалъ гвангъараб мисаллъун.

*Ш.Лабазанов,*
*СССРалъул Журналистазул Союзалъул член.*

# КУЛЬТУРА ВА НИЛЪЕР ХАСЛЪИ

*Аралда таманча речIчIани, бачIунеселъ гIарада речIчIула*
*Р.ХIамзатов.*

Культура къураб бакIалда жагьиллъи бергьунин абурал Дагъистаналъул президент Рамазан ГIабдулатIиповасул рагIабаз хитIаб гьабулеб буго нилъер обществоялда культура цIи гьабизе ккеялде.

Рамазан ГIабдулатIиповасул Указалда рекъон къабул гьаруна «Человеческий капитал» «Культура и культурная политика Дагестана» абурал проектал, гьединго гIуцIун руго лъай кьеялда, сахлъи цIуниялда ва социалияб рахъалда хурхун проекталги. Дагъистаналъул правительствоялъул хIукмуялдалъун июль моцIалъ гIуцIана гьел проектал гIумруялде рахъиялъе план.

Аслияб масъалалъун лъугьун буго Россиялъул халкъазул миллияб культураялъул централ рагьи. Гьединал централ рагьун руго Лаваша, Хунзахъ ва гь.ц. районазда. ХIисабалде босун буго гьединабго центр нилъер районалдаги рагьизе. Культураялъул хIалтIухъабазда цебе чIун буго миллияб культура цIи гьаби гуребги, умумузул кверзул махщелал, гIадатги, гIамалги гьоркь рукIухъе цIигьабизе ккеялъул масъала. Культураялъул суал борхараб ва гьеб цIи гьабиялде кIвар кьураб жакъа къоялда культураялъул хIалтIухъаби, ай гьел рагьарал централ хIалтIизе ккола цIикIкIараб кIварги кьун, кIвахI тун. Гьединго гIураб хIалтIи гьабизе ккола халкъалда гьоркьобги, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ, гIолилазул творчество цебетIеялъе нухал ва ресал ратиялъулъ ва халкъалда гьоркьоб творческиябгун рухIияб рахъ бечед гьабиялъулъ. Чара гьечIого цIунизе ва цебетIезабизе ккола хIалтIухъабазул рукIарахъиналъул кодекс.

БакIалъул нухмалъулезул аслияб масъала буго материалиябгун техникияб база лъикIлъизабиялдалъунги ресал чIезариялдалъунги культураялъул учреждениязул къимат борхизаби.

Гьалгониял соназ бичча-бихьан тараб гьеб иш роцIцIинаби, узухьда, цо къоялъулаб яги цо соналъ рукIалиде бачун лъугьунеб хIалтIи гьечIо. Гьеб иш роцIинабизеги рукIалиде бачинеги кканани, къучIдасанго хисизе ккола культураялъул хIалтIухъабазул хIалтIудехун бугеб бербалагьи. Гьединго исана Россиялдаго кIодо гьабуна кIудияв шагIир Расул ХIамзатовасул 90 сон тIубаялъул юбилей. Гьелда хурхун Москваялда рагьана Расул ХIамзатовасе бараб памятник, ЦIада росулъ памятник. Районалда тIобитIана Расулил юбилеялда хурхун тадбир. Бихьизабуна театрализованыяб постановка, тIоритIана Расулил къоял. Октябралъ тIобитIизе буго Россиялъул пачалихъалде гьорлъе Дагъистан лъугьаралдасан 200 сон тIубаялъул юбилей. Культураялъул хIалтIухъабаз кIудияб хIалтIи гьабизе ккезе буго гьеб иш тIадегIанаб даражаялда тIобитIиялъе. Гьеб кинабгойин абуни, бараб буго хIалтIухъабазул жидерго ишалде бугеб бербалагьиялда ва жавабчилъиялда.

Дагъистаналъул президент Рамазан ГIабдулатIиповасул жинда жаниб чIванкъотIун масъалабиги, гьеб тIубаялъе планги, гьелда сверухъ хIалтIи гьабиялъе жавабиязул цIаралги рехсараб проект гIумруялде бахъинаби мурадалда гьаб соналъул август моцIалда Болъихъ администрациялъ бахъана постановление. Гьелда бан культураялъул хIалтIухъабаз гIураб хIалтIи гьабизе ккезе буго цебе лъураб масъала тIубазабиялъе ва тIадегIанаб даражаялда гIумруялде бахъинабиялъе.КигIан бокьичIониги камулел гьечIо жидерго хIалтIудехун тIасамасагояб бербалагьи бугел хIалтIухъаби. Гьединлъидал культураялъул хIалтIухъабаз къучIдасанго хисизе гьабизе ккезе буго хIалтIудехун бугеб жидерго бербалагьи. Кинабго жанги заманги кьезе ккезе буго миллияб культура, фольклор, умумузул гIадат-гIамал цIуниялъе ва гIадамазул гьелде рокьи бижинабиялъе.

***М.ГIумаров***
***районалъул культураялъул Управлениялъул начальник***

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ЩВАНА НИЖ ЦIАДА РОСУЛЪЕ

ГIун бачIунеб гIелалъе патриотияб тарбия кьей ккола жакъа аслиял суалазул цояблъун.

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалда кIудияб кIвар кьола цIалдохъабазул нилъерго тарихалде, нилъерго халкъияб литератураялде, культураялде интерес бижинабиялде.



Расул ХIамзатовасул гьавуралдаса 90 сон тIубаялде нижер школалъул ТОКСалъул отряд щвана гьев машгьурав поэтасул ВатIаналде, щвана ЦIада росулъ гьесул музеялде.

Нижер ракIазе кIудияб асар гьабуна росулъе жанире рачIунеб бакIалда бан бугеб кIудияб «Къункъраби» памятникалъ. Дагьалго цере араб бакIалда, тIаде рачIунел гьалбал къабул гьаризе данде рахъарал кинниги, бугоан ЦIадаса ХIамзатие ва Расулие лъола кIиго бюст. Гьенибго чаран ганчIида рикIун ругоан рагьда хваразул цIарал ва гьенирги руго къункъраби. РакIалде ккола буго ЦIадаса ХIамзат жиндирго васазда гьоркьов вугин жакъаги абун; бищунго гьитIинав Расул вуго гьесда аскIов, МухIамадги Ахилчиги -къункърабазул тIелалда гьоркьор.

Гьенисаги цере ун ниж щвана ЦIадаса ХIамзатил музеялъул кIалтIе. Гьениб нижеда хIеренаб дандчIвай гьабуна музеялъул хIалтIухъан Муъминатица. Гьелъ ниж рачана росдал лъималазул кIудияв гьудул-гьалмагъ ва насихIатчи ЦIадаса ХIамзат хIалтIулев вукIараб гIадатияб магIарул рокъоре.

Сапаралъ рахьинелде цебе нижеца рокъобго хIадурлъи гьабун букIана гьеб дандчIваялде. Лъай-хъвай гьабуна гьев кIиявго шагIирасул творчествоялъулгун ва лъалаан гьединго ХIамзатовазул хъизан язихьабго яшавалъул букIинги. Амма бечедаб гьечIониги, гьеб рукъалъул къачIа-кIатIаялъ ниж хIикмалъизаруна. Хъизанги 4 васги хьихьизе ва гIасрабазго нахъа цIунун хутIулел асаралги хъвазе ккани, кинаб рокьи ва бербалагьи букIине кколеб гьабулеб ишалдехун.

Хадубккун бараб кIиабилеб этажалда ругоан живго ХIамзатил ва гьесул хъизан Хьандулалъул портретал, ХIамзатил ретIел-хьит, къачIа-кIатIан бугеб кровать, рукъалъул къайи-матахI. Лъималаз цIакъго тамашалъи гьабуна цебе букIараб хъвадарулеб машинкаялда, басриябго патефоналда ва радиоприемникалда. Бихьараб кинабго жо кутакалда рекIее гIуна нижее.

ЦIадаре унаго ниж щун рукIана ГIабасил МухIамадихъе. Гьес бицана живго гIолохъанаб заманалда Болъихъ учительлъун хIалтIулев вукIаралъул. Гьес кьолел рукIун руго математикаялъул дарсал. Хадув гьев цIализе лъугьун вуго Литературияб институталде. Гьениб гьесул лъай-хъвай ккун буго, доб мехалъ гIолохъанав, пагьму бугев поэт Расул ХIамзатовасулгунги. ГIемераб жо бицана нижее ГIабасил МухIамадица, амма нижеда бищунго ракIалда чIана гьес Расулил ХIакъалъулъ бицараб жо.



-Дидаса гьитIинавго вугониги, гьев вукIана лъикIав гIагьлучи ва унго-унгояв гьудул-гьалмагъ,- ан ракIалде щвезабуна ГIабасил МухIамадица.

Нижеца, ТОКСалъулаз лъикIаблъун рикIкIунеб буго цIалдохъаби ва учительзаби ЦIадаса ХIамзатил музеялде ва ГIабасил МухIамадихъе щвей. Умумузул абиго буго «цо нухалъ бихьараб лъикI, нусго нухалъ рагIаралдаса»,- абун.

ТОКСалъулазул ва гьезул эбел-инсул рахъалдаса кIудияб баркала кьезе бокьун буго культураялъул управлениялъул начальник М. Гъ. ГIумаровасе ва Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул директор М. О. Чупановасе гьеб сапаралъе нижее гьабураб кумекалъухъ ва рахъ кквеялъухъ.

***А. М. ХАЛИЛБЕГОВА,***
***Болъихъ №1 СОШалъул ТОКСалъул нухмалъулей.***

# *программа*

**ГЪУДУЛЛЪИ**

*Газета гIуцIарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор**

**ГI. ГIумаханов**

**Редакторасул заместитель**

**А. Агъларов**

***Отделалъул редакторал***

**Ш. Лабазанов**

**П. Дибирова**

***Мухбирзаби***

**З. МухIамадова**

**Б. СултIанова**

***Фотокорр.***

**Ш. МуртазагIалиев**

**Наборщица**

**П. Эльдарова**

**Верстальщица**

**А. Назирбекова**

**Программист**

**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*

*Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас.*

*Тираж 1249*

*Наш эл. адрес druzhba555@mail.ru*


# Цоязе кири, цогидазе гIарац бокьун

Жиб-жиб соналъ кIал биччан къоялде Аллагьасул рахъалъан кириги гIадамазул рахъалъан баркалаги бугеб садакъа гьабулеб буго жидедаса Аллагь разилъаял микрорайоналда бугеб тукадул бетIергьаби М у х I а м а д о в Лабазаницаги гьесул чIужу ЖахIбарова Хадижатицаги. Гьез санайилго гьеб хирияб моцI тIад гIунтIилалде гIадамазе бикьула жидерго тукада бичулеб партамагIал; курткаби, жакетал, гурдал, гьеб гуреб цогидабги. Гьеб къайи бикьиялъул иш тIаде босун буго Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул математикаялъул учитель ва жамагIатчи ХIусен ХIусеновас. Гьес гьеб гIадлуялда, рачIарал чагIазе букIине кколеб тартибалда бикьун рагIалдеги бахъинабула. Амма руго гури чанги тукабазул ва батIи-батIиял предприятиязул бетIергьаби, гьединаб кири бугеб ишалъулъ гIахьаллъизе кколеб бакIалда, гьединал къоял тIаде гIунтIидал тIадеги хира гьабун жидерго къайи-къоно бичулел.. ТIадежоялъеги гьеб гьедин бичизе щвеялдаса роххунги рукIунел руго. Къурбаналъул къоял тIаде гIунтIидал гIи-боцIул бетIергьабиги роххун рукIунел руго, кIиго нухалъ хира гьабун гIи-боцIи бичизе щвеялдаса. Гьебищха, бусурбаби, иманалъул щулалъи.? Гьелъул гIаксалда гьеб ккола яхI-намус чорхолъ гьечIолъи. Гьелде тIадеги бачилин цоги мисал. БоцIи бичулез гуребги гьебго къагIидаялда дарам гьабулеб буго цо-цо тукенчагIазги, рукIунел руго цо-цо тукабазул кьогъеназда сокIкIун заман арал продуктаби. Жидеего гIарац щваралдасан нахъе гьезие продуктабазул бакIалда ганчIал ругониги къварилъи гьечIо. Гьадингоги экологияги гIадамазул нервабиги хвараб гьаб заманалда заман арал продуктаби ричунгийищха гIадамазул нерваби хвезаризе кколел? ГIакъубакъварилъи бихьун, гIурабго гIетIги тIун гурищ гIадамазе гIарац щолеб бугеб. Амма кигIан абуниги кигIан хъваниги, инсанасул чорхолъ яхI-намус гьечIони пайда букIунаро. ЯхI-намус к1очон, заман арал продуктаби ричулезе тамихIго букIунаребдай?

***П. ДИБИРОВА***

***спорт- спорт-спорт***

# *БЕРГЬЕНЛЪИГУН ТIАД РУССАНА*

Нилъер районалъул АнсалтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз бергьенлъи босана цIалдохъабазда гьоркьор Анапаялда тIоритIарал «Президентские состязания» спортивиял къецазулъ. Гьел ТIолгороссиялъулал къецазулъ гIахьаллъизе ансадерие рес щвана цин



зоналиял къецазулъ, цинги Буйнакскиялда тIоритIарал р е с п у б л и к а я л ъ у л а л къецазулъ бергьенлъиги босун.

«П р е з и д е н т с к и е состязания-2013» къецазулъ гIахьаллъи гьабуна Россиялъул киналго регионаздаса 87 командаялъ.

Бергьенлъи босараб 12 командаялда гьоркьобги нилъер лъималаз ккуна кIиабилеб бакI.

Гьеб тIадегIанаб бергьенлъиги босун рачIарал цIалдохъабазе лъикIаб дандчIвай гьабуна гIагараб росулъ. Гьенир гIахьаллъана районалъул лъай кьеялъул Управлениялъул физкультураялъулгун спорталъул отделалъул х I а л т I у х ъ а б а з школлъималаз, гьезул эбел-инсуца ва росдал гIадамаз. Гьезул рахъалъ баркалаялъул ва баркиялъул рагIаби абуна данделъараз. КIалъазе рахъараз цIакъго кIудияб къимат кьуна командаялъул тренер Лабазан Лабазановасе. Гьесул махщалицаги, сордо-къо батIа гьабичIого ва кIвахI тун гьабулеб хIалтIиялъги гьира базабулаан лъималазул гьел къецазде хIадурулагоги ва гIахьаллъулеб заманалъги.

Исана тIоритIулел гьел къецал хурхинарун ругоан Олимпиадаялъул темаялда. Ансадерил лъималаца лъикIаб лъай бихьизабуна гьеб суалалъулъги.

Баркула ансадерида гьеб бергьенлъи ва биччанте гьез хадубккунги гьединал бергьенлъабаз нилъ рохизаризе.

***Ж. АхIмадудинова***

# *ИМУЩЕСТВЕННЫЕ НАЛОГИ*

Если учесть тот факт, что налоги на землю, имущество физических лиц поступают в бюджеты сельских поселений то уплата этих на погов становится патриотическим долгом каждого гражданина живущего в том или ином сельском поселении. Однако, на сегодняшний день, самыми проблемными в плане полноты уплаты являются налоги на землю, имущество физических лиц и транспортный налог.

Межрайонная ИФНС России №12 по РД призывает всех плательщиков налога на имущество физических лиц, транспортного и земельного налогов срочно погасить имеющуюся задолженность.

Неуплата или несвоевременная уплата налогов только ухудшает Ваше положение, так как Налоговым Кодексом РФ за просрочку платежа предусматривается начисление пени, а за неуплату или неполную уплату предусмотрены штрафные санкции. В этом случае налоговая инспекция обязана передать материалы на взыскание долгов в суд. А Федеральная служба судебных приставов обратит взыскание на Ваше имущество, ограничит пересечение государственной границы и применит иные установленные законом санкции.

Если Вам не вручили налоговое уведомление или требование об уплате налога. просьба срочно обратиться в налоговую инспекцию по месту нахождения имущества (автомобиля, дома, квартиры, земельного участка. иной недвижимости).

Если Вы имеете право на льготу по налогам, Вам необходимо самостоятельно подать соответствующее заявление и представить документы подтверждающие право на льготу в налоговую инспекцию по: адресу: 368970, Республика Дагестан, Ботлихский район с. Ботлих, а так же и территориальные участки инспекций в районах.

Вы можете самостоятельно узнать размер своей задолженности по всем уплачиваемым налогам, не связанным с предпринимательской деятельностью и распечатать платежные документы для оплаты в банках. Для этого необходимо получить логин и пароль к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» в любой налоговой инспекции ФНС России независимо от места постановки на учет. Посетить сервис «Узнай свою задолженность» на сайте Управления ФНС России по РД (http://ww\v.r0,5.nalog.ru).

Все поступления имущественных налогов (земельного и налога на имущество физических лиц) полностью зачисляются в бюджет сельского поселения, используются в целях социально-экономического развития Ваши: же населенных пунктов.

По всем вопросам. обращаться в Межрайонную ИФНС России №12 по РД по \ адресу: Ботлихский район, с. Ботлих.

тел:8 928 288 54 69 Абдулаев Абубакар А. (по транспортному налогу с физических лиц)

8 928 521 29 55 Надирбеков Руслан А. (по налогу на имущество с физических лиц)

8 928 544 7614 Гереева Хадижат М. (по земельному налогу с физических лиц).